



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
DEPATMAN KOURIKOULÒM KLAS SEGONDÈ

Kritè pou Elèv Lekòl Mwayen Kalifye pou Espò

Paran, pou pitit ou a kapab elijib pou patisipe nan espò nan lekòl mwayen pou ane k ap vini an, ou menm ak tout pitit ou a dwe ranpli fòm sa a epi siyen l kote yo endike a. **Fè sèten ou pran san w pou li chak paj avan w siyen.** Elèv ak paran yo (si w se yon granmoun oswa si w emansipe) dwe siyen papye yo devan yon notè. Nou **pa kapab** notarye okenn papye si yo vin jwenn nou tou siyen.

Tout non elèv la (premye non, dezyèm non, siyati)				# ID elèv la	Dat jodi a
Sèks	Laj	Klas	Ane Eskolè	Dat nesans	Paran/Responsab Legal
Adrès elèv la (ri, nimewo apt., vil, eta, kòd postal)					Nimewo Telefòn
Premye lekòl elèv la te ale ane sa a				Lekòl li te ale ane pase	
Non yon moun pou ka ijans				Relasyon avèk elèv la	
Adrès yon moun pou ka ijans (ri, nimewo apt. vil, eta, kòd postal)					# Telefòn lakay pou ka ijans
# Telefòn pou ka ijans	Doktè pèsònèl elèv la			# Telefòn doktè a	
Lis espò					
PRÈV ASIRANS POU ELÈV					
Non moun ki asire a (Polis asirans ki kouvri elèv la)			Relasyon moun ki asire a ak elèv la		Kote moun ki asire a ap travay
Non Konpayi Asirans Medikal (Polis Asirans ki kouvri elèv la)					# Polis Asirans

KRITÈ POU ELÈV LEKÒL PRIMÈ MWAYEN KALIFYE POU ESPÒ

TRANSFÈ NOUVO AK ANSYEN ELÈV dwe genyen kopi tout nòt yo nan achiv avan yon atlèt ka elijib pou patisipe.

TOUT OBLIGASYON ELÈV LA dwe satisfè avan yo pèmèt li patisipe nan aktivite espòtif

TOUT SEKSYON NAN FÒM SA A ta sipoze ranpli, siyen epi **LI DWE NAN ACHIV** nan biwo direktè a 10 jou avan premye konkou a

TOUT ELÈV DWE genyen yon Batistè* nan achiv biwo atletis la.

TOUT ELÈV dwe pwouve yo genyen asirans.

YON ELÈV KAPAB patisipe pandan 3 ane afile kòmanse nan dat li te premye enskri nan 5yèm ane

YON ELÈV KI GENYEN 15 AN avan 1ye septanm nan ane lekòl la dwe soumèt yon lèt difikilte finansye bay direktè/tris atletik lekòl la pou yo konsidere patisipasyon l.

SI ELÈV LA PA PASE PLIS PASE YON (1) MATYÈ pandan yon peryòd nòt 9 semèn li p ap elijib pou antrènman ak konpetisyon pou pwochen peryòd nòt 9 semèn la. Y ap konsidere lèt"l" pou (*incomplete*) enkonplè menm jan ak "F" jiskaske yon nòt valid vin ranplase l. Anplis, yon elèv dwe kenbe yon mwayèn jeneral (GPA) 2.0 epi genyen bòn kondwit pou peryòd 9 semèn avan an pou li elijib. Y ap kalkile nòt nan lekòl grannvakans yo pou yo detèmine kou w pase nan tèm avan an. Y ap kalkile nòt pou kou w pran nan lekòl grannvakans avèk nòt dènye preryòd nòt la pou peryòd avan an ki ge n pou detèmine. Elèv yo dwe genyen bòn kondwit (S.B. Policy 5.60).

**Si dokiman yo mande a pa disponib, kontakte direktè espòtif la pou plis enfòmasyonn. .*

Lekòl	Direktè Atletik	# Telefòn
-------	-----------------	-----------

DEKLARASYON REZIDANS POU ELIJIBILITE ENTÈSKOLÈ

M ap viv ak (tcheke yonn tou de paran manman sèlman Papa sèlman Responsab Lòt _____

Relasyon ak lòt moun _____ M ap viv ak moun non l pi wo a depi _____

Si opsyon ki prezante anba a pa byen dekri fason w ap viv, tache yon nòt eksplikatif.

M ap viv nan zòn limit lekòl la Yo te aksepte m nan yon Pwogram Espesyalizasyon.

Mwen ale nan yon lekòl kote yo apwouve transfè mwen (Li obligatwa pou yon Espesyalis Transfè apwouve transfè a)

Se Depatman Edikasyon pou Elèv Espesyal ki mete m nan lekòl la.

SÈTIFIKA KONSANTMAN AK DEHAJ RESPONSABILITE - LI AVÈK ANPIL ATANSYON AVAN W SIYEN

Mwen menm (elèv) ak nou menm (paran)/responsab legal, nou te li yon vèsyon kondanse lwa sou elijibilite Asosyasyon Aktivite nan lekòl segondè nan Florid (FHSA) epi m konprann yo se yon sinopsis lwa FHSA yo. Mwen menm/nou konprann tou genyen kopi konplè lwa FHSA yo ki disponib pou nou gade nan biwo administrasyon lekòl pitit ou a. Nou pa konnen okenn rezon pou mwen menm (elèv la) pou m pa ta kapab elijib pou m reprezante lekòl nan konpetisyon espòtif. Si yo aksepte m kòm yon reprezantan, nou dakò pou nou obeye tout règ lekòl la ak FHSA epi pou nou respekte desizyon l yo. Mwen/nou konnen patisipasyon m se yon privilèj. Yo te enfòm m/nou de tout risk ki genyen nan patisipe nan atletism, mwen konprann li posib pou m blese grav, menm mouri nan patisipe nan sa epi m chwazi pou m aksepte risk yo. Mwen menm (elèv la) akspete volontèman tout responsablite pou sekirite ak byennèt mwen pandan m ap patisipe nan espò epi m konprann tout risk ki genyen. Mwen libere epi m p ap rann lekòl mwen responsab, ni lekòl mwen nan konpetisyon avèk yo, ofisyèl konpetisyon yo, Federasyon nasyonal asosyasyon lekòl segondè (NFHS) ak FHSA sou tout responsablite ak aksyon sivil pou si m te blese nan patisipe nan espò, epi m dakò pou m pa pran okenn aksyon sivil kont antite ki site avan la yo akòz aksidan, fopa ki ta konsène patisipasyon m nan espò. **Mwen/nou otorize anplis TRETMAN MEDIKAL NAN KA IJANS** pou mwen menm/ pitit nou an/ sizoka ta genyen bezwen pou yon tretman konsa pandan mwen menm/ pitit mwen an sou sipèvizyon lekòl la. **Poutèt yo pèmèt mwen patisipe nan pwogram atletik entèskolè yo, mwen/nou, eritye nou, ekzekitè ak administratè nou libere ak dechaje pou toutan KOMITE DIRIJAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH NAN FLORID, ajan li yo, reprezantan ak anplwaye l yo de tout responsablite, endèmizasyon, aksyon, domaj kou oswa depans mmwen/nou ta kapab genyen kont yo, ki ta konekte ak patisipasyon m (elèv) la nan pwogram atletik entèskolè yo, ak nan vwayaj ki gen rapò Pwogram Atletik la. Mwen/nou konprann egzonerasyon sa a konsène tout demand ki baze sou neglijan, revandikasyon, aksyon oswa inaksyon moun ak antite nou site pi wo yo.** Mwen/nou bay pèmision pou lekòl la, distri lekòl la itilize foto m, imaj videyo, redaksyon, anrejistreman vwa m, non, klas, non lekòl la, deskripsyon patisipasyon ak estatistik nan aktivite ak espò ki rekoni ofsyèlman, otè m ak pwa m kòm yon manb ekip atletik la, dat mwen patisipe, diplòm ak rekonpans mwen resevwa, dat ak kote m fèt, ak lekòl li te ye avan, jounal, pwodiksyon lekòl, sit entènèt, eksetera, ak piblikasyon lekòl la oswa distri a finanse, oswa nan entèvyou medya nouvèl, atik ak foto. Men, pa dechaj responsablite a pa genyen okenn obligasyon pou yo egzèse dwa ki di la yo. Mwen/nou bay pitit/pwoteje mwen an/yo pèmision pou li/yo patisipe nan espò entèskolè nou PA BIFE YO. Espò: Bezbòl, baskètbòl, foutbòl, sòfbòl, kous alahè, volebòl.

(Lòt espò lekòl la ajoute sou fòm nan)

Mwen/nou konprann patisipasyon m kapab oblije pou mwen lage lekòl avan lè. Mwen/nou dakò enfòmasyon lekòl pitit mwen an/yo bay FHSA, lè l mande sa, sou tout dosye prezans, finansye oswa akademik (atletik ou pa) konsènan pitit mwen an/yo.

